Қадриятлар – бу инсоният томонидан шахс ижтимоийлашуви натижасида ишлаб чиқилган маълум бир маънавий, руҳий, ҳаётий тушунча ва амалларнинг муҳимлиги, маънога эгалиги, фойдалилигидир. Зеро, жамиятда маълум гуманитар қадриятларнинг амал қилиши конкрет индивидларнинг мана шу гуманитар қадриятларга амал қилиши, ишониши, муҳимлигини англаши, билиши ва ўз хулқ-атворида намоён этишини тақозо этади. Шунга кўра, қадриятлар муаммоси, шубҳасиз, педагогика фанининг ҳам тадқиқот предмети бўлиб, қадриятларнинг педагогик мазмуни борасида бугунги кунда фундаментал тадқиқотлар олиб бориш ва қадриятларнинг концептуал илмий талқинини ишлаб чиқиш тақозо этилади. Қуйидаги тушунчалар мана шу концептуал назарни ўз мазмунида намоён этади:

– бизнинг жамиятимиздаги амалдаги ва шакллантирилиши зарур бўлган ислом қадриятлари силсиласини белгилаш, ислом қадриятларининг хусусий ва умумий жиҳатлари, уларнинг позитив ва негатив ҳолатлари, инсонлар ва оилалар турмуш тарзидаги таъсири ва натижаларини таҳлил қилиш;

– ислом қадриятларини шакллантиришда оила институтининг ўрни ва роли, оилавий тарбиянинг ўзига хос умумназарий жиҳатлари, педагогик мазмуни, шакллантириш институтлари ва шакллари, ёш хусусиятлари кабилар борасида мавжуд аҳволни ўрганиш, оилавий тарбия жараёнининг умумий инновацион хусусиятларини белгилаш ва янгиланган шакл, восита ва йўлларини ишлаб чиқиш;

– ислом қадриятларини шакллантиришда педагогик интеграциянинг оила институтига йўналтирилган мақсадлари ва вазифаларини белгилаш, оилавий тарбияда профилактик таълим фаолиятини таҳлил қилиш ва истиқболларини белгилаш [1:271].

Шу билан бирга қуйидаги ҳолатларга алоҳида аҳамият қаратиш тақозо этилади:

– мамлакатимизда мавжуд ахлоқий, маънавий, мафкуравий ва маърифий приоритетлар асосида тарбия қилиниши зарур бўлган ислом қадриятлари силсиласини белгилаб олиш ҳамда уларнинг бизнинг миллий менталитетимиз, тарихий тафаккуримиз ва миллий анъаналаримиз билан бевосита боғлиқлиги, узлуксизликда тарихий ривожланганлиги, ҳеч бир тарихий даврда оиладан узилмаганлиги ва оилавий ахлоқнинг узвий таркибий қисми эканлигини назарга олиш;

– ислом қадриятларини шакллантириш оила аъзоларининг бугунги кун ва келажакка йўналтирилган истиқболдаги ҳаётий мақсадларига тўла мос келиши, уларда эътироз уйғотмаслиги, балки улар томонидан розилик ва хурсандлик билан қабул қилиниши, улар жуда катта қизиқиш билан билим, малака ва кўникмаларга эга бўлишга тайёрлиги;

– оилаларда ислом қадриятларнинг шакллантирилиши жараёнида улар мазкур жараённи дунёвий тафаккурни ривожлантириш асосида олиб боришга тайёрлиги ва мазкур жараённи шахс такомили, диний эътиқод ва дунёвийлик тафаккури яхлитлиги асосида қабул қилишидир [2].

Бинобарин, дин омили, хусусан, ислом дини мусулмонларнинг эзгу ният ва интилишлари, яхши ниятлари ва ҳаёт қадриятлари борасидаги қарашлар тизими мажмуи бўлиб, уларни таъминлаш ва тарбия қилиш учун ёш авлодга улар моҳиятини тушунтириш, англатиш, улар мазмунини ёритиб бериш ва авлоддан-авлодга ўтказиш тақозо этилади. Дин бу мусулмон инсон ахлоқидир, ислом ахлоқи эса жамиятда ўзини тутиш тартиб ва қоидалари мажмуидир.

**Адабиётлар**

1. Жузжоний А.Ш. Ислом ҳуқуқшунослиги ва ҳанафий мазҳаби тараққиётида Ўрта Осиё фақиҳларининг ўрни. Тарих ф.докт. дисс. –Тошкент: 2005, 271-б.

2. Мухаммадиева О.М. Мирзо Абдулқодир Бедил фалсафасида ахлоқий қадриятлар масаласи. Фалсафа фан.номзоди …дисс.автореферати. – Т.: 2008.

3. Нишонова С. Шарқ уйғониш даври педагогик фикр тараққиётида баркамол инсон тарбияси. Дис. ... пед. фан. д-ри. - Тошкент: ТДПУ, 1998. 288-б.

4. Уватов У. Мовароуннахр ва Хуросон олимларининг ҳадис илми ривожида тутган ўрни (Бухорий, Муслим, Термизий). Тарих фан.докт... дисс.автореф. -Т.: 2002.

5. http://lex.uz/docs/3296658 (Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2017 й., 31-сон, 782-модда; Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси, 17.01.2018 й., 09/18/23/0576-сон).

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада жамиятимизда ислом қадриятларини шакллантиришнинг роли, ислом қадриятлари бўйича билимларнинг ахлоқий, маънавий, эстетик ва гуманистик моҳияти, замонавий жамиятларда янги авлодларни маънавий мажруҳликдан муҳофаза қилишдаги уларнинг ўрни, диний эътиқод нуқтаи назаридан маълум муаммолар, фарзандларни ислом ахлоқи ва ислом маънавияти руҳида тарбия қилиш ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ**

В статье обсуждается роль развития исламской культуры, представления о моральных, эстетических, гуманистических знаниях, основанных на исламских ритуалах, которые в современном обществе спасают новое поколение от плохой морали и её места, рассматриваются также вопросы, связанные с религиозной молитвой, воспитанием детей в духе ислама.

**SUMMARY**

In the article the author studies the role of development of Islam culture, the notion of moral, aesthetic, humanistic knowledge based on Islamic rituals, in modern society saving new generation from poor morality and its place, particular issues related to religion praying, bringing up children in the spirit of Islam.

## 1937-1938 -JÍLLARDA QUWDALAWǴA USHÍRAǴAN QARAQALPAQ ZÍYALÍLARÍ HAQQÍNDA

**B.Saǵındikov** – *tayanısh doktarant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** madaniyat, meros, milliy an'analar, imperiya, totalitar, qatag'on, aksilinqilob, Oliy Sud, jinoyat kodeksi, ИИХК (NKVD).

**Ключевые слова:** культура, наследство, обычай, империя, тоталитаризм, репрессия, контрреволюция, Верховный Суд, кодекс преступлении, НКВД.

**Key words:** culture, heritage, customs, empire, totalitarianism, repression, counterrevolution, Supreme Court, codex of crime PCII.

Ózbekstan Respublikası óz ǵárezsizligine eriskennen keyin xalqımızdıń mıń jıllıq tariyxın jańasha pikirlew hám milliy ózligimizdi ańlawǵa – milliy mádeniyatımızdı úyreniw barısında ullı babalarımızdıń ótmishtegi xalıq azatlıǵı ushın kórsetken erlikleri, tariyxıy waqıyaları, dinimiz hám tilimizdiń, dástúr hám úrp-ádetlerimizdiń ulıwma xalqımızdıń ruwxıy ǵáziynesine baylanıslı bolǵan pútkil baylıqlarımız bolǵan miyraslarımızdı qayta tiklew, tariyxıy haqıyqıyqatlıqtı búgingi kún kózqarasınan jaratıw eń aktual máselelerden esaplanadı.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoev 2017-jıl 6-noyabrde Jizzax qalasında Sharap Rashidov esteligine baǵıshlanǵan maresimindegi "Ózbek xalqınıń ullı perzenti" dep atalǵan bayanatında "Biz búgin jaqın tariyxımızda

bolǵan, áne usınday, ayanıshlı waqıyalardı esler ekenbiz, ǵárezsizligimizdiń qádir-qımbatın jáne de tereń ańlap túsiniwimiz, onı hár qanday jawız kúshlerden qorǵawǵa hámme waqıt tayar turıwımız shárt" dep ko`rsetken edi [1].

Ótken ásirdiń 30-jılları Keńes húkimeti quramına kirgen barlıq Awqamlıq respublikalarda mámleketlik basqarıwdıń komandalıq-hákimshilik sisteması ornaǵan edi. Orta Aziyada jasaytuǵın kóp milletli xalıqlardıń ózleriniń milliy mámleketshiligin tiklew ushın bolǵan "Milliy shegaralanıw„ háreketleri baslanıwı menen Keńes húkimeti totalitar tutımdı qatań saqlaw maqsetinde mámleketlik ishki siyasiy basqarma shólkemlerine xalıq ústinen qadaǵalawda sheksiz repressiyalıq imkaniyatlar berip jiberildi.

Totalitar imperiyasınıń quwdalaw siyasatı dáwirinde jergilikli xalıqlardıń milliy dástúrleri, milliy mádeniyatınıń ózgeshelikleri esapqa alınbadı, eski bilimge iye iyshan-ulamalar sovet húkimetine qarsı dep ayıplanıp, diniy máresimlerdi sheklewge urındı. Jergilikli xalıqtıń arzıw-ármanların, milliy ǵárezsizligin úgit-násiyatlawshı basshılar, ilim-bilimlendiriw, kórkem-óner hám mádeniyat tarawındaǵı zıyalılardı tiykarsız sebepler menen "xalıq dushpanı" dep qaralap, "milletshil" dep atap elden súrgin etildi, hátte, atıw jazasına húkim etilgen edi.

1937-1938-jıllarda Qaraqalpaqstanda on mıńǵa jaqın el perzentleri repressiyaǵa tartılıp qamaqqa alınǵan. Qamalǵanlardıń kópshiligi Ózbekstan SSR Jınayat Kodeksiniń 58, 63, 64, hám 67-statyalarında názerde tutılǵan jınayatlardı islegenlikte ayıplap olardı kontrrevolyuciyalıq milletshil toparǵa qatnası bar degen jazıqsız ayıplardı hár qıylı qıynaw jolları menen moynına qoyıp "xalıq dushpanı" dep húkim etildi.

1938-jılı jazıqsız húkim etilgen qaraqalpaq zıyalılarınan Qaraqalpaqstan Oblastlıq Partiya Komiteti burıngı birinshi sekretarı Qazaqbay Allabergenov, İslam Aliev, Kamiljan Akimov, Aynalxat Kulenov, Girigoriy Fyodorovich Kvachyov, instruktor Jawdır Sársenbaev, burıngı Qaraqalpaqstan Oraylıq Atqarıw Komiteti baslıǵı Kóptilew Nurmuxammedov, Qaraqalpaqstan Joqarǵı sudınıń baslıqları Rashid Hákimbaev, Allanazar Pirnazarov, respublika prokurorları Saparbay Nurjanov, Qaraqalpaqstan Ishki isler ministri Dawletiyar Ishimbetov, Ádillik Ministri Aytjan Bekmuratov, awılxojalıq ministri Ábiw Qudabaev, Qarjı ministri Turdımurat Nızamatdinov, Sociallıq támiyinlew ministri Óteniyaz Bekimbetov, Mádeniyat ministri Qasım Áwezov, bilimlendiriw ministri Seyt Tureev, Pirimbet Tureev, Shımbay raykomınıń birinshi sekretarı Ismet Bekbawliev, Qońırat rayonı birinshi sekretarı Sabır Klichev, Qıpshaq rayonı birinshi sekretarı Hábib Yakubov, Kegeyli rayonınıń` birinshi sekretarı Túrkmenbay Taumanov, Shabbaz, Qońırat, Kegeyli rayonları atqarıw komiteti baslıqları Allaniyazov, Ayteshov, Orazımbet Dilmanov, Súnnetbay Eltuzerov, makeme baslıqları Dawlet Muwsaev, Mendixoja Ibinaminov, Kalilmulin Bajakov, A.Tashanov, Badratdin Saydrasulov, Xalmurat Temirxanov, Sadıq Hákimbaev, Rejep Hákimniyazov, Bilol Sunliev, Qaraman Matmuratov, Saburjan Saburov, Qurbanbay Avezov, Bekpolat Abdalovlar edi. Bul qaraqalpaq zıyalılarınıń ústinen 1938-jıldıń 13-oktyabr kúni Tashkent qalasında jabıq sud procesi bolap, onda hár bir sudlanıwshıǵa atıw haqqında húkim shıǵardı. Húkim Tashkent qalasında, Yunusabad rayonınıń aymaǵındaǵı házirgi "Qataǵan qurbanları" muzeyi astında ámelge asırıldı [2].

Qaraqalpaq xalqınıń milliy ǵárezsizligi, azatlıǵı ushın gúresken joqarıda atları kórsetilgen quwdalawshılıq jıllarınıń jazıqsız qurbanları bolǵan el perzentleri – Allayar Dosnazarov, Kóptilew Nurmaxammedov, Óteniyaz Bekimbetov, Ábiw Qudabaev, Qasım Áwezovlarlarǵa tiykarsız ayıplar qoyılıp qamalǵan hám eń awır jaza – atıw jazasına húkim etilgeni haqqında dereklerdi keltirip ótemiz.

Qaraqalpaqstannıń milliy shegaralanıwında, ekonomikasın rawajlandırıw hám kadrlardı tayarlawda belsene xızmet etken el perzenti Allayar Dosnazarov quwdalaw siyasatınıń awır sınaqların basınan keshirdi. Bul tuwralı Ózbekstan Respublikası Birinshi Prezidenti Islam Karimov "Ǵárezsizlik sebepli qaraqalpaq xalqı júdá kóp qádiriyatların qayta tiklew imkaniyatına iye boldı. Ádalat hám teńlik, azatlıq hám erki ushın gúresken Allayar Dosnazarov sıyaqlı xalıq qaharmanınıń mártligi, dáw júrekli qaraqalpaq perzentleriniń arzıw-ármanları ámelge astı" – dep aytqan edi [3].

Qaraqalpaq xalqınıń mámleketshiligin qayta tikelewde, milliy shegaralanıwda jan kúydirip xızmet etken el perzenti Allayar Dosnazarovtı IIXK uyımlarınıń tásirinde "belgili bir topar dosları" tárepinen VKP (b) Oraylıq Komitetine "A.Dosnazarov 1929-jılǵı Keńes húkimetine hám partiyanıń siyasatına qarsı háreket etiwshi kontrrevolyuciyalıq milletshilerdiń ideologiyalıq basshısı", degen shaǵım arzalar jazıldı. Haqıyqatında, A.Dosnazarov Kreml basshılarına jazǵan xatlarında Oraylıq húkimettiń millet máseleleri boyınsha siyasatına hám eski kadrlarǵa nadurıs qatnas jasawına óziniń narazılıǵın bildirgen edi. Ol, Qaraqalpaqstandı ekonomikalıq rawajlandırıwǵa dıqqat awdarılmay atırǵanın, jańa milliy kadrlardıń tárbiyalanbay atırǵanlıǵın aytıp jazǵan edi. A.Dosnazarovtıń usı kózqarasıların hám talapların kóre almaǵan SSSR IIXK Bas basqarmasınıń Mámleketlik qáwipsizlik operativlik bólimi 1935-jıl 25-yanvarda onı qamaqqa aladı. Sol jıldıń 8-aprel kúni SSSR Joqarǵı Sudınıń Áskeriy Kollegiyası tárepinen RSFSR Jınayat Kodeksiniń 58-statyası menen ayıplanıp, Allayar Dosnazarov on jıl qamaqqa húkim etiledi. Moskva-Leningrad temir jolı boyındaǵı siyasiy tutqınlar lagerine jiberiledi [4].

A.Dosnazarov bolıp atırǵan waqıyalardı hám óziniń gúnasız jábir-jalaǵa dus bolǵanlıǵı tuwralı bir neshe márte Stalinge, IIXK SSSR Joqarǵı sudına shaǵım arzalar jazdı. Onıń arzası inabatqa alınbadı. 1937-jıldıń 10-noyabr kúni A.Dosnazarovtıń Leningrad janındaǵı siyasiy tutqınlar lagerinde Ishki Isler Xalıq Komissariyatı Leningrad wálayatı basqarmasınıń ayrıqsha "úshlik" uyımı onıń jınayatlı isin jáne bir márte qarap shıǵıp, A.Dosnazarovtı eń awır jaza – atıwǵa húkim etken. Bul húkim 1937-jılı 8-dekabrde Belomor-Baltıq kanalınan 40 km qashıqlıqtaǵı Kem degen stanciyanıń janında orınlandı [5].

Kóptilew Nurmuxamedov 1929-1933-jılları Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı Oblastı, al soń QQASSR Oraylıq Atqarıw Komitetiniń baslıǵı lawazımlarında isledi. Nurmuxammedov Kóptilewdiń izine túsken QQASSR İIXK komissarı V.Shteyin agentleriniń járdeminde onı ayıplaytuǵın materiallar topladı. 1937-jıl 17-sentyabrde Nurmuxammedov Qaraqalpaqstanda háreket etken kontrrevolyuciyalıq milletshil shólkemniń jumısına 1925-jıldan beri qatnasqan, Taxtakópir kóterilisiniń shólkemlestiriwshileriniń biri bolǵan, – degen ayıplawlar menen onı qamaw ushın izlew saladı.

1937-jılı 20-sentyabrde QQASSR IIXK MQB sı Ózbekstan SSR Jınayat Kodeksiniń 67-statyasınıń jınayat belgileri menen ayıplap, K.Nurmuxamedovtı qamaqqa alıw tuwralı qarar qabıl etedi. 1938-jıl 15-aprelde QQASSR IIXK K.Nurmuxammedovtı ayıplaǵan burıngı 67-statyasına qosımsha Ózbekstan SSR Jınayat Kodeksiniń 57-st. 1-bólimi hám 63-statyaları menen qosa ayıplap, isti Ózbekstan SSR IIXK na jiberdi.

1938-jıl 13-oktyabrde SSSR Joqarǵı Sudı Áskeriy Kollegiyasınıń májilisi bolıp ótedi. Sud procesin basqarıwshı Alekseev tárepinen Ózbekstan SSR JK nıń 58, 63, 64 hám 67-statyalarında názerde tutılǵan jınayatlardı islegenlikte ayıplap, Nurmuxamedov Kóptilewdi onıń barlıq mal-múlkin mámleket qarawına alıw menen eń joqarǵı jaza – atıwǵa húkim etti [6].

Qaraqalpaqstan sociallıq-támiyinlew xalıq komissarı lawazımında islegen Óteniyaz Bekimbetovtıń máselesi 1937-jıl 13-iyulda Oblastlıq partiya komitetiniń byurosında kórip shıǵıladı. Bul másele boyınsha Tyurkin bayanat qılıp,

onı partiya qatarınan shıǵarıwdı hám kontrrevolyuciyalıq milletshiler menen tıǵız baylanısta bolǵan dep QQASSR sociallıq-támiyinlew xalıq komissarı lawazımınan bosatılıp húkimet aǵzalıǵı quramınan shıǵarıldı.

Solay etip, Óteniyaz Bekimbetovtı tiykarsız ayıplap, 1937-jılı 16-iyulde qamaqqa aldı. Ó.Bekimbetovtın` tergew isin Baxtizion, Kuznecov, Shutin, Kushner, Aqjigitovlar qıynaw jolı menen alıp bardı. Ó.Bekimbetov óziniń ayıpsız ekenin dálillep, Kreml basshıları atına birneshe márte xat jazdı. Tek onıń bir ǵana xatı jazǵan adamına jetip barǵan bolsa kerek. Kremlden "tekserilsin" degen xat keledi, bul jaqtaǵılar xattı tekserilmey-aq orayǵa 1938-jılı 5-mayda Ó.Bekimbetovtıń barlıq hújjetleri arxivke tapsırılıp jiberildi, dep maǵlıwmat beredi. 1938-jıl 13-oktyabrde SSSR Joqarǵı Sudı Áskeriy Kollegiyası tárepinen Ózbekstan SSR Jınayat Kodeksiniń 58, 63, 64, 67-statyalar menen tiykarsız ayıplanǵan Ó.Bekimbetov eń awır jaza – atıwǵa húkim etiledi. Húkim sol kúni Tashkent qalasında orınlanadı [5:118-120].

1935-1937-jılları Xojeli raykomnıń birinshi sekretarı, sońınan Qaraqalpaqstan jer isleri xalıq komissarı bolıp islegen Ábiw Qudabaev milletshil-terroristler shólkemine basshılıq etiwshi Sovet hákimiyatına qarsı gúresiwshi topar aǵzası dep ayıplandı. 1937-jılı 14-sentbrde VKP /b/ Oraylıq komiteti janındaǵı Partiyalıq qadaǵalaw komissiyasınıń Qaraqalpaqstan boyınsha shólkeminiń komissiya májilisinde Ábiw Qudabaevtıń máselesi qaraladı. Komissiya májilisi onı partiya qatarınan shıǵarıwǵa qarar etti.

Ábiw Qudabaev qamaqqa alınǵannan keyin Qaraqalpaqstan Ishki Isler Xalıq Komissariatınıń Qáwipsizlik bas basqarmasınıń usınıwı menen 1938-jılı 21-yanvarda 11 adam quramında QQASSR IIXK nıń ekspertlik komissiyası dúzildi. Komissiya Jer isleri xalıq Komissarı Á.Qudabaev basqarǵan kontrrevolyuciyashıl milletshiler uyımınıń respublika ekonomikasına tiygizgen zıyanı haqqında 111 mashina betten ibarat qaralaw aktın dúzedi. Usı aktte kórsetilgen barlıq toqıma "qılmıslardı" tergew waqtında qattı qıynaw aqıbetinde ilajsızdan moynına aladı hám 1938-jılı 9-aprelde "ayıplaw" protokolına qol qoyadı. Elim dep eńiregen, xalqına xızmeti menen tanılǵan ájayıp insan Ábiw Qudabaev jala-dóhmet penen Ózbekstan SSRı Jınayat Kodeksiniń 58, 63 hám 67-statyalarına muwapıq ayıplanıp, SSSR Joqarǵı Sudı Áskeriy Kollegiyasınıń húkimi menen 1938-jılı 13-oktyabr kúni Tashkent qalasında atıldı [5:159-160].

Ábiw Qudabaevtıń esteligin máńgilestiriw maqsetinde Qazaqstanlı doslarımız 1974-jılı óziniń tuwılǵan qalası Qızıl-Ordanıń bir kóshesine onıń atın qoydı. Qaraqalpaqstan xalqınıń keleshegi ushın at salısıp gúresken, xalqtıń mápi menen jasaǵan babamız Ábiw Qudabaevtıń jarqın esteligin máńgilestiriw maqsetinde ol haqqında kitap jazıp yamasa paytaxtımız kósheleriniń birin onıń atına qoysaq, maqsetke say bolǵan bolar edi.

Qaraqalpaq xalqınıń haq júrek, el súyer ullarınıń biri Qasım Áwezov Qaraqalpaqstannıń dáslepki basshılarınıń biri sıpatında Respublika xalıq xojalıǵınıń túrli tarawların dúziwge hám rawajlandırıwǵa úles qosqan insan edi. Q.Áwezov QQASSR Ishki Isler Komissariyatı tárepinen "to`rtlik" milletshiler toparınıń basshısı sıpatında jala menen 1934-jılı, iyelep turg`an lawazımınan bosatılıp, partiyalıq jazag`a tartıladı. QQASSR IIXK hám Mámleketlik Qáwipsizlik Bas Basqarmasınıń materialları tiykarında 1937-jılı 13-sentyabrde VKP (b) Oraylıq Komitetiniń Qaraqalpaqstan boyınsha partiya kolllegiyası Q.Áwezovtıń isin qaraydı. Oǵan 1925-jıldan baslap VKP (b) qatarında bolǵan dáwirinde kontrrevolyuciyalıq elementler menen tıǵız baylanısta bolǵan, milletshil kadrlardı tárbiyalaǵan, Taxtakópir kontrrevolyuciyalıq kóterilisshileri menen tıǵız baylanısta bolǵan degen ayıplar qoyıladı.

Usınday ayıplaw juwmaǵına tiykarlanıp, Qasım Áwezovtıń jınayatlı isi 1938-jılı 13-oktyabrde Tashkent qalasında SSSR Joqarǵı Sudı Áskeriy Kollegiyasınıń jabıq májilisinde qaralıp, tómendegishe ayıp taǵılıp húkim shıǵarıladı: "Q.Áwezovtı Ózbekstan SSR Jınayat Kodeksiniń 58, 63, 64, hám 67-statyalarında názerde tutılǵan jınayatlardı islegenlikte ayıplanıp, SSSR Jınayat Procesuallıq Kodeksiniń 128 hám 131-stasyalarına muwapıq húkim etiledi. Áwezov Qasım oǵan tiyisli barlıq mal-múlki mámleket qarawına alınıwı menen eń awır jaza – atıwǵa húkim etilsin" [5:152-153].

Solay etip, 1937-1938 jılları Keńes húkimeti quwdalaw siyasatı aqıbetinde on mıńǵa jaqın qaraqalpaq zıyalılarınıń jazıqsız "xalıq dushpanı" dep ayıplanıp atıw jazasına húkim etiliwi, shańaraǵındaǵı ul-qızlarınıń jetim qalǵanı, xalıqtıń basına úlken joǵaltıwlardı keltirgeni tariyxtan málim.

Juwmaqlap aytqanımızda, XX ásirdiń 20-30-jılları elimizde baslanǵan quwdalaw siyasatı aqıbetinde xalqınıń azatlıǵı, keleshek baxıtı ushın gúreste janın pidá etken, jazıqsız qurban bolǵan, at aldına aydalıp súrgin etilip, qula dúzde iyt jekken toǵaylardıń oy-shuqırlarında kepinsiz kómilgen, qamaqxana azabına shıday almay ólip ketken babalarımızdıń atların qayta tiklep, bolıp ótken tariyxıy waqıyalardıń shınlıǵın dálilleytuǵın tariyxıy materiallar, arxiv dereklerdi izertlep máńgilestiriwdi talap etedi.

Bul babalarımızdıń ómir jolı, qoljazba materialları, is usılları hám turmıs tájiriybesi, xalıq xojalıǵı tarawlarında jetiskenlikleri haqqında kitaplar jazıp, mádeniy miyraslar toplap olarǵa arnap úy muzeylerin shólkemlestirsek, bul keleshek áwladlarımızdıń milliy qádiriyatlarımızdı kóz qarashıǵınday asırap – abaylawǵa, Ana watanın súyiw, jası úlkenlerge húrmet hám milliy ǵárezsizligimizdiń qádir-qımbatına jetiw qusaǵan kámil insanlarǵa tán pazıyletlerdi qáliplestiriwge imkaniyat jaratqan bolamız.

## Adebiyatlar


1. Мирзиёев Ш.М. Халқимизнинг розилиги бизнинг фаолиятимизга берилган энг олий баҳодир II-т. –Т.: «Ўзбекистон» 2017, 256-257-б.
2. Алланиязов Б. Жазықсыз қурбан болған қарақалпақ зыялылары. / «Еркин Қарақалпақстан», 2018-жыл 6-ноябрь.
3. Каримов И. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. Том 6. – Тошкент: «Ўзбекистон», 1998, 268-б.
4. Алланиязов Б. Аллаяр бас болды қарақалпаққа. – Нөкис: «Қарақалпақстан» 1996, 116-б.
5. Бабашев Ш. Жазықсыз жазаланған репрессия қурбанлары. -Нөкис: «Қарақалпақстан» 2007, 149-б.
6. Бабашев Ш. Қарақалпақстан Республикасы тарийхындағы сиясий қурбанлар. -Нөкис: «Қарақалпақстан» 2003, 112-118-б.



**REZYUME**

Maqolada 1938-yil 13-oktabrda qatag'on qurbonlari bo'lgan qoraqalpoq ziyolilari vakillari nomlarini abadiylashtirish maqsadida materiallar to'plash va muzey tashkil qilish masalasi o'rganilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы о сборе материалов и организации музеев с целью увековечения имён репрессированных жертв, представителей Каракалпакской интелегенции 13- октября в 1938 году.

**SUMMARY**

The article deals with the collection of materials and the establishment of museums to perpetuate the names of Karakalpak intellectuals who were the victims of repression on October 13, 1938.